Impact Factor: 9.2 ISSN-L: 2544-980X

# Турмыс Ертеклериниң Изертлениўиниң Гейпара Мәселелери

*М. Қ. Жақсымуратова* [1]

**Аннотация:** Мақалада қарақалпақ турмыс ертеклериниң изертлениўи, турмыс ертеклериниң сюжети, композициясы, образлардың жасалыў системасы, жанрлардың өзгешелиги, түрлери ҳәм классификациясы мәселелери бир неше ертеклерди таллаў арқалы ашып бериледи.

**Таяныш сөзлер:** Ертек, классификация, жанр, сюжет, образлар системасы, композиция, мазмун.

Қарақалпақ фольклортаныў илиминде бүгинги күнде өзиниң жаңаша изертлениўин күтип турған қурамалы мәселелердиң бири ертеклердиң, соның ишинде, турмыс ертеклериниң үйренилиў мәселеси екенлиги белгили. Н.Дәуқараев, Қ.Мақсетов, Қ.Мәмбетназаров киби илимпазлардың изертлеў жумысларындағы шығарылған жуўмақларға таянған ҳалда ҳәзирги заман көз-қарасынан турмыс ертеклериниң сюжетин, жанрлық өзгешелигин, композициялық қурылысын, образлар дизимин, тил өзгешеликлерин, ертеклердеги көркем қыял тағы турмыс шынлығының қатнасы, турмыс ертеклериниң әжайып ҳәдийселелер ҳаққындағы ҳәм ҳайўанатлар образлары арқалы адамлар турмысын сүўретлейтуғын (ҳайўанат дүнясына байланыслы ертеклер) шығармалардан айырмашылығы сыяқлы мәселелери изертлениўи керек.

Қарақалпақ турмыс ертеклерин өзбек, қазақ, рус, түркмен, сондай-ақ жәҳән халықларындағы бул жанр үлгилери менен салыстырып үйрениўи зәрүр.

Хорезм ертеклериниң генезисин, поэтикасын және тийкарғы өзгешеликлерин изертлеген Ж.Юсуповтың гейпара пикирлери дыққатқа илайық.

Х.Бекназаровтың өзбек халық турмыс ертеклерин арнаўлы сөз еткенлиги ҳәммеге мәлим.

Н.И.Кравцовтың ертекти фольклордың бир жанры сыпатындағы өзгешелигин арнаўлы изертлеген илимий мийнети де дыққаттан тыс қалмаўы керек.

Қарақалпақ турмыс ертеклериниң көп томлық фольклордың биринши және екинши томларында дағазаланғаны мәлим.

Турмыс ертеклериниң өз изертлениўи күтип турған баслы қыйын мәселелериниң бири жанрлық өзгешелигин үйрениўден ибарат екенлиги, оны арнаўлы мақалада сөз қылыў кереклиги анық.

Турмыс ертеклеринде образлар жасалыўының өзгешеликлерине де айрықша итибар қаратыў талап қылынады. Мәселен, "Қырық аўыз өтирик айтқан бала" ертегин алып қарайық.

Бул ертекте патшаның өз қызын қырық аўыз өтирик сөз айтқан адамға бермекши болғанлығы, Тазша баланың бул ўазыйпаны атқарғаны, ханның қызын алыўы тийкарғы сюжеттиң негизин қураған ўақыялардан екенлиги мәлим. Бунда сынаў яғный қаҳарманның сынаққа түсиў ҳәдийсеси тийкарғы орында турады. Әжайып ҳадыйселер ҳаққындағы ертеклердиң, мәселен "Қыран", "Алтын таўық" сыяқлы дөретпелердиң қаҳарманларынан пүткиллей өзгешелиги сонда, бул ертектиң қаҳарманы болған таз баланың өтирик, жалған сөз айтып, патшаның өзин алдаўы қызықлы сәўлелендирген.

[1] Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты, Нөкис қаласы

Турмыс ертеклериниң басламаларының өзи арнаўлы үйренилиўи лазым. Себеби, ертеклердиң басланыўында белгили бир нызамлықлар бар екенлиги белгили болады.

"Жети саяқ аш дийқан" ертеги былайынша басланғаны мәлим: "Бурынғы өткен заманларда бир елде бир аш дийқан ҳәм жети саяқ турады екен". Демек хронологиялық басламаға ийе екенлиги, яғный ўақыттың атап көрсетилиўи анық. Сондай-ақ, бас қаҳарманның, яғный дийқанның аты-жөни айтылмайды, бул арқалы илыўмалық сыпатқа ийе болған образ жаратыў нәзерде тутылғанлығы мәлим, оның кәсип-кәри, анығы, дийқаншылық пенен күн көретуғынлығы айтылады. оның ашлығы да сөз қылынады. Демек, басламаның аралас түри екенлигин белгилеў зәрүр. "Адамның өмири" ертегин үйренип қараў арқалы да турмыс ертеклерине тән болған өзгешеликлер туўралы жуўмақлар шығарыў мүмкиншилиги пайда болады. Бас қаҳарман сыпатында адамның таңлап алыныўы, оның менен бирге төрт мақлуқаттың қалғанлары сыпатында ешектиң, ийттиң, маймылдың қатнастырылыўы күтә қызықлы екенлиги даўсыз. Ертек: "Әййемги заманларда" деген қәлиплескен сөз бенен басланады, яғный ўақыт анық көрсетиледи, ўақыялар болып өтетуғын мәкан анық емес. Персонажлардың улыўмалығы көринеди. Адамға берилген отыз жас азлық қылып, ол ийттиң, ешектиң ҳәм маймылдың жасларын да өзине қосып алғанлығы, көп өмир сүретуғын болғанлығы ўақыялары ертектиң сюжетин қурайды. Лекин, аңызлар менен салыстырып изертлеў керек болады. Себеби, бул атап өтилген шығарманың жанрлық сыпаты мәселеси бир қанша даўлы екенлиги көринип тур.

Екинши томдағы 289-295-бетлердеги "Алдар көсе, Мухтар көсе ҳәм Духтар көсе" деп аталған шығарманы да турмыс ертеклерине жатқарыўға болмайды, себеби жанрлық қатнастан баҳаланғанда, бул шығармлардың күлдирги сөзлердиң үлгилери екенлиги, Алдар көсе, сондай-ақ басқа да персонажлар күлкили сөзлердиң анекдотлардың тийкарғы қаҳарманлары екенлиги ҳәммеге анық.

296-297-бетлердеги "Алдар көсениң Иран патшасының қызына үйлениўи" атамасындағы ертекти турмыс ертеклерине киргизиўге сирә болмайды, бул да күлдирги сөзлердиң бир түри екенли белгили болады.

Турмыс ертеклериниң образларын талқылағанда, олардың ҳәрбириниң ўазыйпалары анық екенлиги, ертекшилер, дөретиўшилер қаҳарманларды сайлап киргизгенлиги анық болады.

"Ақыллы ҳаял ҳәм ақмақ патша" ертегиниң қаҳарманларының образлары көркемлик пенен жасалған. Халық патшаның ақылсызлығын, әпиўайы ҳаялдың даналығын сүўретлеген. Демек, ертеклердиң инсанияттың руўхый кәмиллик ерисиўиндеги тәрбиялық әхмийети мәселесинде изертлеў зәрүр болады.

"Қуў гелле таққан кемпир туўралы" ертегин де сюжети көз-қарасынан да, сондай-ақ, қаҳарманлардың қатнасы жағынан да изертлеў шәрт. "Жетим қыз" ертегинде турмыс шынлығы көркем сәўлелендирилгенлиги сөзсиз, қаҳарманның турмыстан қыйыншылық көриўи, тәғдир менен гүреске түсиўи турмыс ертеклериниң сюжетинде басым болып келеди.

Солай етип турмыс ертеклеринде арнаўлы илимий изертлеў жумысларында изертлениўи кереклиги, олардың атамаларын, темаларынан баслап, ҳәрбир анық ертектиң тексти үйренилип, биографик, хронологик, типографик және аралас басламалардың қайсысына ийе екенлиги, жуўмақланыўы, әжайып ҳәдийселер ҳаққындағы ертеклер менен усы мәселелер қатынасы бойынша салыстырғанда қандай нәтийжелер мәлим болатуғыны, ҳайўанатлар образы арқалы адамлар тумысын сүўретлеўши ертеклер менен байланысы және айырмасы туўралы сөз болып, зәрүр пикирлер айтылыўы керек.

Турмыс ертеклериниң өзин шәртли түрде бир неше ажыратыў керек болады, мысалы, юморлық сыпатқа ийе түрлери ("Гереңлер" ертеги мысалында бул пикир дәлилленди). Тағы да ертеклердиң тамам болыўындағы өзгешеликлерди айырықша үйрениў талап етиледи. Ҳәрбир ертекте сюжеттиң және конфликттиң шешимлериндеги уйқаслық пенен айырмашылық тәреплерин кең түрде таллаў мақсетке муўапық. Ертеклер туўралы илимий пикирлер жүргизиў

ушын қатар мақалалар жазыў керек. Қысқа ғана бир илимий мақалада олардың изертлениў тарийхы менен мәселелерин қамтыў күтә қыйын.

**Әдебиятлар:**

1. Қарақалпақ халық ертеклери. Қарақалпақ фольклоры. 1-2-т. Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.
2. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис: Билим, 1996. 340 б.
3. Мақсетов Қ.Қарақалпақ фольклористикасы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. 355 б.
4. Мақсетов Қ. Фольклор ҳәм әдебият. Нөкис: Қарақалпақстан, 1975. 150 б.
5. Юсупов Ж. Генезис, основные особенности и поэтика хорезмских сказок: Автореф. дис. … д-ра филол. наук. Тошкент, 1999. 45 с.
6. Бекназаров Х. Ўзбек халқ маиший эртаклари. Тошкент, 1993. 26 б.
7. Кравцов Н.И. Сказка как фольклорный жанр. Москва: Наука, 1973.
8. Афзалов М. Ўзбек халқ ертаклари ҳақида. Тошкент: Фан, 1964.
9. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.
10. Мәмбетназаров Қ. Қарақалпақ ертеклери ҳаққында. Нөкис: Қарақалпақстан, 1982.